

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwaway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

New tins wey we don learn for this COVID-19 matter

Here na some of the new tins wey we don learn for this COVID-19 matter as of September 1st, 2020 based on wetin Presidential Task Force on COVID-19, NCDC and Federal Ministry of Health don talk so far:

Here is a breakdown of some of the major developments in the COVID-19 response as of September 1, 2020 based on the announcements of the Presidential Task Force on COVID-19 and the Nigeria Center for Disease Control (NCDC) and the Federal Ministry of Health:

- COVID-19 death rate don drop small to 1.88%. Dey don talk say na because dem don improve the treatment wey dem dey give patients.
- Plateau state na the new state for Nigeria where coronavirus cases dey increase pass. Other states wey don top chart for new COVID-19 cases before na Kano, Lagos, Ogun and Akwa Ibom.
- Dem don talk say international flights go resume on 5th September, 2020.
- Dem don approve 14 private labs for COVID-19 testing for Nigeria; 11 for Lagos and 1 for FCT, 1 for Rivers and 1 for Imo state.
- 9 out of 36 states for Nigeria don publish their COVID-19 expenses so far, including Lagos, Ogun, Ondo, Ekiti, Oyo, Kwara, Kaduna, Katsina and Ebonyi state.

Lagos State don reduce Isolation Centres:

As number of COVID-19 positive cases bin dey reduce, Lagos state government on August 2nd

2020 come announce say dem dey shutdown Eti-Osa Isolation Centre and Agidingbi Isolation Centre, say dem go relocate patients for Agidingbi to one big Indo-Centre for Anthony area. Lagos state governor Babajide Sanwo-Olu talk say the closure dey necessary to balance the spending for the COVID-19 response, as dem bin build excess isolation centres and for some of the centres na only 20 per cent of the beds dey full.

Governor also talk say dem don dey convert the Infectious diseases Hospital for Yaba back to hin initial status as hospital wey dey handle all type of infectious disease and not just coronavirus wey dey trend. Na after this announcement dem comot the ban for church and mosque for the state, wey dem comot for the 7th and 9th of August; come comot the ban for social clubs on the 14th.

Private COVID-19 Labs for Nigeria where you fit test (as of 1st September 2020)

NCDC don approve 14 labs for Nigeria for COVID-19 testing. These labs na:

S/N	Name of Laboratory	State	Contact
1	Total Medical Services	Lagos	Total towers, Victoria island
2	SYNLAB	Lagos	9/11 Egbeyemi Street, Off Coker Road, ilupeju; +23470072842273
3	54gene	Lagos	+2347003424667363
4	Medbury Medical Services	Lagos	7B Admiralty way, Lekki phase 1; +2349070366247
5	Biologix Medical Services	Lagos	+2348069583073
6	O2 Medical Services	Lagos	No 7, General Hospital Rd, Gbagada Lagos; +2348119045519
7	Clina-Lancet Laboratories	Lagos	No 3, Babatunde Jose street, off Adetokunbo Ademola street, Victoria Island; +23417001310-399
8	Clinix Healthcare	Lagos	12, Alhaji Adejumo Avenue, off Gbagada-Oshodi expressway, Anthony; +2347066186358
9	Afriglobal Medicare	Lagos	8 Mobolaji Bank-Anthony way, by unity bustop, Ikeja; +2348139841355
10	Reddington Zaine Laboratory	Lagos	6B, Bendel close, off Bishop Aboyade street, Victoria Island
11	VCare Diagnostics Limited	Lagos	100, Adetokunbo Ademola, Victoria Island; +2347080631400
12	eHA Clinics	FCT	Plot 944, Asba and Dantata Street, off Olu Awotesu street
13	RNZ Laboratory	Rivers	info@rnzglobal.com
14	Everight Laboratory	Imo	Shop 7, Owerri Mall, Egbu road, Owerri; +2349066306001

YEYE TORI



VS



TRUE TORI

Herd Immunity na the best way to fight COVID-19

Na only small group of pipo dey spread COVID-19 wey dem dey call 'super-spreaders'

Good nutrition fit prevent coronavirus

Healthy young people no dey get COVID-19 sickness

COVID-19 numbers dey manipulated to control the masses

Wetin herd immunity mean be say enough people don recover from the virus so they no fit infect other pipo or fall sick again. For that one to work, 50-70% of the world population go need get the sickness and recover with ogbonge immunity. If we try that one many pipo go die and we never even know how long the immunity dey last sef.

Anybody fit spread coronavirus. For average, COVID-19 carrier fit infect two or three pipo with the virus. Pipo wey infect more than the average na usually because dem dey come in contact with plenty people.

Pipo no fit prevent coronavirus infection through diet. But healthy life-style with balanced diet fit help you maintain your immune system against virus attack.

Young, healthy people still dey get serious sicknels from COVID-19. Person response to coronavirus depend on their own immune system, the amount of virus wey infect them, genetics and other tins.

Unfortunately, many news outlet dey use fear paint bad picture of the situation come dey feed many rumours wey dey spread now. But we need remember say rate of infection and death depend on testing numbers and many places no dey too test and dem even fit make mistake for the test,

COVID-19 Vaccines wey dem dey prepare

The WHO don release ogbonge list of COVID-19 vaccines dem dey prepare as of 28 August. 33 vaccines dey for clinical testing phase now, while 143 vaccines still dey for evaluation. This na the list of vaccines wey dey for clinical testing phase:

S/N	COVID-19 Vaccine developer/manufacturer	Number of doses	Timing of doses	Route of Administration	Clinical stage of testing
1	University of Oxford/AstraZeneca	1		Intramuscular (IM)	Phase 3
2	CanSino Biological Inc./Beijing Institute of Biotechnology	1		IM	Phase 3
3	Gamaleya Research Institute	2	0, 21 days	IM	Phase 3
4	Sinovac	2	0, 14 days	IM	Phase 3
5	Wuhan Institute of Biological Products/Sinopharm	2	0, 14 or 0, 21 days	IM	Phase 3
6	Beijing Institute of Biological Products/Sinopharm	2	0, 14 or 0, 21 days	IM	Phase 3
7	Moderna/NIAID	2	0, 28 days	IM	Phase 3
8	BioNTech/Fosun Pharma/Pfizer	2	0, 28 days	IM	Phase 3
9	Anhui Zhifei Longcom Biopharmaceutical/ Institute of Microbiology, Chinese Academy of Sciences	2 or 3	0, 28 or 0, 28, 56 days	IM	Phase 2
10	Curevac	2	0, 28 days	IM	Phase 2
11	Institute of Medical Biology, Chinese Academy of Medical Sciences	2	0, 28 days	IM	Phase 1 / 2
12	Research Institute for Biological Safety Problems, Rep of Kazakhstan	2	0, 21 days	IM	Phase 1 / 2
13	Inovio Pharmaceutical/International	2	0, 28 days	Intradermal (ID)	Phase 1 / 2

	Vaccine Institute				
14	Osaka University/AnGes/Takara Bio	2	0, 14 days	IM	Phase 1 / 2
15	Cadila Healthcare Limited	3	0, 28, 56 days	ID	Phase 1 / 2
16	Genexine Consortium	2	0, 28 days	IM	Phase 1 / 2
17	Bharat Biotech	2	0, 14 days	IM	Phase 1 / 2
18	Janssen Pharmaceutical Companies	2	0, 56 days	IM	Phase 1 / 2
19	Noravax	2	0, 21 days	IM	Phase 1 / 2
20	Kentucky Bioprocessing, Inc	2	0, 21 days	IM	Phase 1 / 2
21	Arcturus/Duke-NUS			IM	Phase 1 / 2
22	ReiThera/LEUKOCARE/Univercells	1		IM	Phase 1
23	Clover Biopharmaceuticals Inc./GSK/Dynavax	2	0, 21 days	IM	Phase 1
24	Vaxine Pty Ltd/Medytox	1		IM	Phase 1
25	University of Queensland/CSL/Seqirus	2	0, 28 days	IM	Phase 1
26	Medigen Vaccine Biologics Corporation/NIAID/Dynavax	2	0, 28 days	IM	Phase 1
27	Instituto Finlay de Vacunas, Cuba	2	0, 28 days	IM	Phase 1
28	FBRI SRC VB VECTOR, Rospotrebnadzor, Koltsovo	2	0, 21 days	IM	Phase 1
29	West China Hospital, Sichuan University	2	0, 28 days	IM	Phase 1

30	Institute Pasteur/Themis/Univ. of Pittsburgh CVR/Merck Sharp & Dohme	1 or 2	0, 28 days	IM	Phase 1
31	Imperial College London	2		IM	Phase 1
32	People's Liberation Army (PLA) Academy of Military Sciences/Walvax Biotech.	2	0, 14 or 0, 28 days	IM	Phase 1
33	Medicago Inc.	2	0, 21 days	IM	Phase 1

CORONAVIRUS UPDATE FOR NAIJA AT AS TODAY - 04/09/2020

54,743

CONFIRMED CASES

1,051

DEATHS

42,816

RECOVERED

420,543

TESTED